

ISSN 2088 0812

MAJALAH UMUM BERBAHASA JAWA KRAMA

GITIS BASA

NGGAYUH UTAMANING BASA MRIH LUHURING PAKARTI



BALAI BAHASA
PROVINSI JAWA TIMUR



ISSN 2088 0812

TITIS BASA

MAJALAH UMUM BERBAHASA JAWA KRAMA

PENANGGUNG JAWAB

Umi Kulsum

REDAKTUR

Dalwiningsih

DEWAN REDAKSI

Darmono Saputro (Javanologi Surabaya)
Mohammad Fajar (Universitas Sebelas Maret)

DESAIN GRAFIS

Okky N.

SEKRETARIAT

Rahmidi

ALAMAT REDAKSI

Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur
Jalan Gebang Putih No.10,
Kel. Keputih, Kcc. Sukolilo, Surabaya
Telepon: 031-5925972
Pos elektronik: dalwiningsih@yahoo.com

Majalah Titis Basa nampi seratan kadosta cariyos, pangarsa, gegujengan, tetembungan, geguritan, papan wisata, dhaharan lan naskah sanesipun ingkang wonten sesambetanipun kaliyan basa lan budaya Jawa. Redhaksi sampun sarujuk kaliyan isinipun lan kantun nerbitaken kémawon.

ATUR SAPALA

Assalamu`alaikum wr. wb.

Sugeng pepanggihan malih para pamaos. Pamujinipun redhaksi mugi kita sami pinaringan kasarasan ugi pangayomanipun Gusti Inggang Maha Agung, Maha Welas Asih, aamiin. Sokur alhamdulillah, redhaksi rumaos bingah dene majalah Titis Basa sampun terbit malih ing taun 2023 edhisi kalih-likur menika pinanggih para pamaos.

Redhaksi tamentansah ngaturaken agenging panuwun dhumateng para sadulur ingkang setya tuhu memitran, nyerat lan kintun naskah kangge Titis Basa amrih majalah basa Jawa krama menika tetep urip lan ngrembaka.

Para sutresna basa, sastra, lan budaya Jawi, sumangga sami nyengkuyung majalah Titis Basa kanthi kintun naskah kangge rubrik-rubrikipun. Alamat pos-el kangge kintun naskah sampun katulis ing sisi kiwa atur sapala menika. Pangajengipun redhaksi, mugi majalah Titis Basa saged paring mupangat kangge kita sedaya. Nuwun.

Wassalamu`alaikum wr. wb.

setunggal sanesipun kaliyan Ngarsa Dalem Kanjeng Sultan, tan saged pinisah dening sinten kemawon.



3. Surjan Ontrokusuma

Awangun sekar (kusuma) ingkang ceplokipun ageng ageng, bahanipun kain sutra. Limrahipun diagem Sultan lan para Pangeran (sentana dalem).



4. Surjan Sembagi

Awangun sekar ingkang ceplokipun langkung alit. Bahanipun kain sembagi asalipun kangge bahan kebaya wanita.



5. Surjan Polos

Bahan kain maneka warna nanging tanpa paesan, tanpa gambar. Kathahipun dikangge masyarakat limrah, awit bebas nilai, tanpa paugeran lan tataran (status sosial).



Kajawi Surjan wonten malih busana saking Yogya ingkang sinebat Beskap Yogya utawi Atela Yogya.

Pahlawan Nasional

Bung Tomo

Penggerak Peperangan 10 Nopember ing Surabaya.

Katuraken : Sri Narjati



Sutomo inggih Bung Tomo (foto: Isti)

SABEN tanggal 10 Nopember kita pengeti dinten Pahlawan. Menika mendhet saking prastawa perang ageng ing Surabaya tanggal 10 Nopember 1945, ingkang ndadosaken ewon pemudha gugur ing payudan.

Salah setunggalipun paraga ingkang manjila ing peperangan ageng kala semanten inggih menika pemuda Sutomo ing kalanganipun para pejuang lan masyarakat dipunsebat Bung Tomo. Piyambakipun ingkang mbakar lan ngobaraken semangat perjuangan para pemudha ing wilayah Surabaya lan sakupengipun lumantar siaran radio.

Saderengipun ngaturaken pribadi Bung Tomo, mbokblilih perlu kauningan menggah dumadosipun perang ageng ing Surabaya, ingkang nglairaken dinten Pahlawan 10 Nopember kala wau. Perang ing Surabaya lumampah ngantos tigang minggu, kawiwitan tanggal 27 Oktober ngantos 20 Nopember 1945.

Kawiwitan dhatengipun tentara Sekutu kaliyan tentara NICA (Netherlands Indies Civil Administration) ing Surabaya tanggal 25 Oktober 1945, saperlu mbeslah senjata tentara Jepang ingkang sampun pasrah bongkokan dhateng sekutu. Tanggal 27 Oktober tentara Inggris ingkang kapimpin Major Jendral

Hawthorn ngangge pesawat Dakota nyebar penguumuman ingkang isinipun sedaya pasukan Indonesia salebetipun 48 jam nyerah dhateng pasukan sekutu sarta masrahake sadaya persenjataan ingkang dipungadhahi. Menika ingkang ndadosaken murinanipun para pemuda Surabaya ingkang lajeng ngawontenaken perlawanan. Tanggal 27 Oktober siyang dumados pertempuran pasukan Sekutu kaliyan pasukan rakyat Surabaya.

Tanggal 30 Oktober wanci jam 20.00 kedadosan pertempuran ing Jembatan Merah, pemimpin pasukan Sekutu (Inggris) Brigjen Walter Sothern Mallaby kenging bom ndadosaken sedaniipun, mobilipun dipunbakar barisan pejuwang Indonesia.

Sasedanipun Brigjen Walter Sothern Mallaby Pimpinan tentara Inggris dipungantos Jendral Robert Marsersgh, ingkang nalika tanggal 9 Nopember 1945 ngedalaken ancaman (ultimatum) dhateng rakyat Surabaya. Isinipun aancaman ing antawisipun:

1. Para Pemimpin Indonesia ing Surabaya kedah lapor dhateng Inggris.
2. Sedaya tiyang Indonesia ing Surabaya ingkang gadhah senjata kedah kapasrahaken dhateng pihak Inggris.

mati!

Dan kita yakin saudara-saudara, Pada akhirnya pastilah kemenangan akan jatuh ke tangan kita, sebab Allah selalu berada di pihak yang benar. Percayalah saudara-saudara. Tuhan akan melindungi kita sekalian.

Allahu Akbar! Allahu Akbar! Allahu Akbar!

...Perang ageng ing Surabaya ndadosaken korban tentara lan rakyat Indonesia wonten 20.000 nan ingkang gugur lan pihak tentara Sekutu 1.500 an tentara tewas.

Sinten ta Bung Tomo menika?


Bung Tomo, ingkang asma aslinipun Sutomo miyos tanggal 3 Oktober 1920 wonten Kampung Blauran, Surabaya. Bapakipun asma Kartawan Tjiptowidjojo (*Kartawan Ciptowijoyo - EBI*) lan Ibu Subastita. Piyambakipun putra mbajeng, adhinipun 5, inggih menika Sulastri, Suntarti, Gatot Suprpto, Subastuti lan ragilipun Hartini. Ramanipun Bung Tomo dados pegawai pamarentah, ugi wonten perusahaan swasta.

Bung Tomo miwiti pendidikan mlebet Sekolah Rakyat jaman Walandi, HIS (Hollandsch Inlandshe School) ing Surabaya. Lulus saking HIS lajeng nerusaken mlebet

MULO (Meer Uitgebreid Lager O n d e r w i j s) sekolah menika satataran SLTP (S e k o l a h Lanjutan Tingkat P e r t a m a). Sekolah menika kangge lare-lare b a n g s a Indonesia, bangsa Cina ing Indonesia saha lare-lare Eropa. B a s a pengantaripun basa Walandi. S e n a o s a



Recanipun Bung Tomo ing Komplek Tugu Pahlawan (Foto : Ist)



Bung Bung nalika pakakrama kaliyuan Sulistina tanggal 29 Juni 1947. (Foto : Ist)

makaten, Bung Tomo inggih sinau basa Inggris, Perancis, Jerman lan sanesipun.

Amargi kedadosan krisis ekonomi, saha ngadhepi wucalan mboseni, ndadosaken Bung Tomo medal lan pados pedamelan.

Nanging Ramanipun ndhesek supados Sutomo nglajengaken sekolahipun. Sutomo lajeng mlebet HBS (Hogere Burger School) sekolah menika mligi kangge Lare Walandi saha Eropa. Sutomo katampi awit ramanipun kalebet punggawa negari ingkang kagungan kalenggahan. Sekolah HBS menika sekolah MULO katambah AMS ingkang wekdalipun 5 warsa. Medal saking HBS Sutomo pados pedamelan saka nglajengake perjuwangan.

Sutomo nembe mlebet pawiyatan luhur warsa 1959 ing Universitas Indonesia (UI) jurusan Fakultas Ekonomi. Nanging nembe ngrampungaklen kuliah (lulus) warsa 1969.

Perjuwangan saha Karir Bung Tomo

Nalika taksih sekolah, Bung Tomo giyat wonten kepanduan (sakmenika Pramuka). Kepanduan nalika semanten kathah saderengipun kalebur dados Pramuka, Bung Tomo anggota Kepanduan Bangsa Indonesia (KBI).

Ing jagading Politik, Bung Tomo wiwit warsa 1937 sampun mlebet partai politik, Partai

...perbandingan-percampuran yang lampau, kita sekalian telah menunjukkan bahwa rakyat Indonesia di Surabaya. Pemuda-pemuda yang berasal dari Maluku, pemuda-pemuda yang berasal dari Sulawesi, pemuda-pemuda yang berasal dari Pulau Bali, pemuda-pemuda yang berasal dari Kalimantan, pemuda-pemuda dari seluruh Sumatera, pemuda Aceh, pemuda Tapanuli, dan seluruh pemuda Indonesia yang ada di Surabaya ini. Di dalam pasukan mereka masing-masing. Dengan pasukan-pasukan rakyat yang dibentuk di kampung-kampung.


Telah menunjukkan satu pertahanan yang tidak bisa dijebol. Telah menunjukkan satu kekuatan sehingga mereka itu terjepit di mana-mana.

...gung kita dengan kek... ada, tetapi inilah jawaban kita. Selanjutnya bangsa Indonesia masih mempunyai banteng merah yang dapat membikin secara merah dan putih. Maka selama itu kita akan mau menyerah kepada siapa

Saudara-saudara rakyat Surabaya! keadaan genting!

Tetapi saya peringatkan se... Jangan mulai menembak. Baru k... ditembak, maka kita akan ganti m... mereka. Itulah, kita tunjukkan bahwa adalah benar-benar orang yang ingin m...

Dan untuk kita saudara-s... Lebih baik kita hancur lebur daripada merdeka. Semboyan kita tetap: mera...



SURO AGUL-AGUL, BUKU PEMENANG ANUGRAH SASTRA RANCAGE 2023

Miwiti sasi Februari 2023, mapan ing sekretariat Yayasan Kebudayaan Rancage, Bandung, kabayarakake para pemenang Anugrah Sastra Rancage taun 2023. Adicara kang wis kaleksanakake wiwit saka taun 1988 iki, sakawit mung winates kanggo buku terbitan anyar abasa Sunda. Nanging sabanjure kegiatan iki terus tuwuh ngrembaka sarta uga ngrengkuh basa dhaerah liya-liyane. Kawiwitan saka basa Jawa ing taun 1994, terus disusul basa Bali, basa Lampung, basa Batak, basa Medura lan basa Banjar.

Saka taun 1990, Anugrah Sastra Rancage diperang dadi loro. Saliyane pangeram-eram kanggo karya tulis basa dhaerah, uga menahi pangaji-aji marang pawongan utawa paguyuban kang nduweni labuh labet tumrap perkembangane basa lan sastra dhaerah. Lan wiwit taun 1993 ana pangaji-aji kang mligi kanggo penulis buku wacan bocah basa Sunda

kang karan Hadiah Samsudi.

Yayasan Kebudayaan Rancage diprakarsani dening budayawan nasional Ajip Rosidi ing taun 1989. Tujuwan utamane yaiku minangka dadi salah sijine upaya kanggo mbiyantu amrih sastra dhaerah tansah lestari lan tansaya tuwuh ngrembaka.

Ing taun 2023, ora ana Anugrah Sastra Rancage kanggo buku basa dhaerah Medura lan Banjar awit ora nyukupi persaratane. Mung ana loro buku terbitan basa Medura, lan ora ana buku terbitan nganggo basa Banjar. Semono uga buku wacan bocah basa Sunda kang babarpisan ora ana pengirim.

Karya Nominasi lan Anugrah Rancage kanggo buku sastra Jawa.

Kanggo pangaji-aji Rancage mligi ing sastra Jawa taun 2023, panitia wis nampa 23

KAKEK BUDHIMAN

St.Sri Emyani

“Eyang... Eyang Uti....”

“ Enek apa Kuncung Santosa cucuku sayang.” Wanita ingkang rikmanipun sampun awerni pethak memplak menika nyukani wangsulan dhumateng lare ingkang nyaket Eyangipun Uti.

“ Ngeten lho Eyang.”

“ Enek apa Kuncung cucuku?”

“ Panjenengan nyaket mriki, kula pijeti Eyang.”

“ Lha kok kadhingaren emen. Mara-mara arep mijeti Eyangmu. Paling enek karep ya?”

“ Lha inggih ta Eyang Uti he he he he...!” Lare ingkang winastan Kuncung menika nyaket wonten wingkingipun wanita sepuh menika, lajeng mijeti gejeripun Eyang Utinipun.

“ Wadhuh...wadhuh.. Gene menawa gelem mijeti Eyange, ya enek kepenak ngono lho Kuncung.”

“ Inggih?”

“ He eh. Mula menawa sampeyan nduwe cita-cita kepingin dadi dokter iku ya pener.”

“ Amin. Sembah nuwun pangestune inggih Uti. Ngeten lho Uti?”

“ Piye Kuncung?”

“ Kawula wau wonten sekolah angsal PR.”

“ Terus?”

“ Angsal PR ndamel cariyos, saking Bapak guru kawula. Inggih menika panjenenganipun Bapak Mulyo Redjo. Panjenganipun mucal

sejarah Uti.”

“ PR e crita?”

“ Inggih Uti. Pramila menika, kawula nedhi cariyos saking Uti inggih?”

“ Iya. Pokoke sekolahe sing sregep.”

“ Siap Uti.”

“ Menawa ngono, olehe mijeti Uti uwis. Saiki coba uti gawekna kopi ya?”

“ Inggih Uti.” Lare ingkang kinaran Kuncung Santosa menika mandhap saking amben, lajeng dhateng pawon ndamelaken unjukan kopi Utinipun.

Mboten gantalan wekdal melih, lare sregep menika mbekta baki.

“Menika kopinipun Uti.”

“Suwun banget cucuku Kuncung kang pinter.” Ngendikan ngoten, priyantun sepah menika sarwi ndhekep dalah ngarasi pipinipun si Kuncung kebak sih katresnan. Wonten satetes waspa, mili saking lingiring netra sepuh. Sejatosisipun angsalipun ngengken cucukipun si Kuncung Santosa ndamel unjukan menika, namung nyobi cucunipun. Napa taksih purun, menawi kautus utinipun. Kasunyatanipun, si cucu taksih purun. Malah ugi taksih nggadhahi unggah unggah, dalah budi pakerti.

“ Dospundi uti kirang napa mboten gendhisipun?”

“ Uwis wis pas. Karomaneh utimu wis sepuh, ngurangi legi Kuncung.”

“ Inggih. Niki mangke Kuncung badhe dipun

tiyangan menika damel ngajrih-ngajrihi peksi, ingkang nedhi pantunipun para among tani.

“Masakne banget ya wong-wongan kuwi.” Kakek Budhiman ngendika salebetipun manah kiyambak. Kalih socanipun mirsani tiyang-tiyangan, ingkang damel den-den peksi. Amergi jawah klucrut kenging toya. Salajengipun, kakek Budhiman mandhap saking gubug kalih mbeta capil engkang badhe dipun sade wonten wande. Capil menika dipun sukakaken wonten ing nginggil sirahipun tiyang-tiyangan, damel den-den peksi menika sedanten.

Tiyang tiyangan menika jumlahipun gangsal. Dados inggih pas. Capil ingkang wonten mustakanipun kakek Budhiman, ugi dipun sukakaken wonten sirahipun tiyang tiyangan pindhah. Kakek Budhiman ngalah. Mboten ndamel capil. Ketawis rikmanipun ingkang pethak memplak.

Wekdal jawah sampun wangsul trenceng. Kakek Budhiman mboten tamtu dhateng peken. Amergi, capilipun sampun telas. Kalih kakek Budhiman, sedanten capil dipun sukakake tiyang-tiyangan wonten sabin.

Dumugi griya, Kakek Budhiman dipun sambut Nenek Muslimah.

“Kok sampun dugi Kakek?”

“Iya Nek.”

“Kok cepet kondur. Gangsar anggon panjenengan dodolan capil inggih?”

“Ora nek. Capile ora sida tak dol?”

“Lha wonten menapa Kek...?”

“Mau pas udan, aku leren ning gubug. Lha ning tengah sawah, enck wong-wongan, kangge den-den manuk. Wong-wongan iku kudanan nek. Mesakne, mulane capile dhewe tak wenehne wong-wongan iku. Aku ngrasa seneng, isa tetulung. Sanadyan mung tetulung marang

wong-wongan. Dheweke wis nunggu parine among tani. Mesakne, gek klucrut teles kebes kudanan lho Nek.”

Nenek Muslimah mboten murina. Malah mesem, ayam. Nggadhahi simah kados kakek Budhiman.

“Inggih panjenengan mlebet. Menika kopinipun dereng asrep. Mangga dipun unjuk Kakek.”

“Matur nuwun Nek.”

Amergi sayah. Dalunipun kakek Budhiman angsale sare sekeca. Radi enjing, kakek Budhiman nyupena kadosipun, tiyang-tiyangan wonten sabin menika dugi. Inkang setunggal kados mbekta kothak. Kothakipun dipun sukakaken wonten emper. Sarwi ngucap.

“Matur sembah nuwun kakek Budhiman. Namung sakedhik, menika tandha panuwun kawula sakadang. Inkang sampun panjenengan tulung.”

Kakek Budhiman wungu anggenipun sare. Kaget. Amergi, wonten emper griya wonten kothak. Salajengipun, sesarengan nenek Muslimah mbukak kothak. Wekdal kothak dipun bikak. Kekalihipun njomblak. Amergi, kothak menika isinipun arta. Nenek Muslimah ngrangkul kakek Budhiman. Inkang rinangkul ngendika lirih. Celak talinganipun nenek Muslimah.

“Sapa kang seneng weweh, bakal oleh. Sapa kang seneng nandur, bakal ngundhuh.”

Kakek Budhiman, minangka patuladhan.

Nuwun

*****Panggul-Trenggalek, 01 Oktober 2023**

“Welha...Muga diapura kaluputane lan kaluwargane pinaringan kekuatan kanggo ngrampungke tanggungan utange Pak Jaya,” wangsulan kula.

Sasampunipun kedadosan menika, satunggalipun wekdal nalika kula ngideraken puthu, dumadakkan kepireng klakson mobil sora ngendheg lampah kula. Boten wetawis dangu wonten piyayi medal saking kendharaan nyaketi kula kalian mundhut pirsane, “Mas, puthune isih, pironan iki?” pitakenipun Bapak menika.

“Tasih Pak. Mangga! Menika setunggal ewunan,” wangsulan kula.

“Aku tuku limang ewu ya!”

“Nggih, Pak,” cekak wangsulan kula sinambi nyawiske bahan-bahan kangge damel puthu ingkang dipunpesen. Sasampunipun mateng puthu lajeng kula aturaken.

Bapak menika lajeng dhahar puthu damelan kula. Pasuryanipun ketingal marem sasampunipun ngraosaken puthu menika.

Boten wetawis dangu Bapak menika lajeng ngendika, “Wah...enak tenan puthumu. Gurih, legi lan klapanane dudu ampas. Gandane godhong pandhan uga arum banget. Puthumu iki pancen mirasa tenan. Mas, nek aku tuku maneh apa regane ya sewu?”

“Inggih, Pak. Sampun kuwatos mangke kula caosi bonus,” wangsulan kula.

“Mantep tenan puthumu iki, rasane joooss tur oleh bonus. Aku digawekke seket ewu ya!” pangalemipun Bapak menika kalian maringaken arta.

Nalika kula nembe ndamelaken puthu, Bapak wau ngendika, “Mas, ditepungke aku Pak Iwan. Satenane aku iki lagi nggolek puthu sing enak. Kawit mau mubeng-mubeng durung nemokake. Eee jebul puthu sing enak ana kene. Jenengmu sapa, Mas?” pitakenipun Pak Iwan.

“Kula Wahyu, Pak,” wangsulan kula nepangaken dhiri.

“Upama sampeyan dakjak kerja neng panggonanku piye gelem ora?” pitakenipun Pak Iwan.

“Wonten pundi Pak lan nyambut damel napa?” pitaken kula.

“Neng Hotel Kencana. Pakaryane nyawiske puthu kanggo tamu hotel.”

“Wah purun, Pak. Ning mangke pelanggan kula

lajeng priipun?”

“Ra perlu kawatir. Upama sarujuk, sesuk neng hotel mung rong dina yaiku Setu Minggu wiwit jam enem tekan setengah sewelas awan. Dadi wektu lan dina liyane bisa kanggo ider mubeng.”

“Oo nggih Pak manawi ngaten. Ning boten ndadak benjing ta?”

“Ora, Mas. Rong dina sesuk sampeyan dakaturi neng Hotel Kencana. Mengko bakal ditening juru masak. Yen puthune cocok mula minggu ngarep sampeyan bisa wiwit kerja neng Hotel Kencana.”

Lidipun carios sasampunipun kalih dinten pinanggih Pak Iwan, kula sowan dhateng Hotel Kencana. Dumugi ngrika tetela sampun wonten sekawan bakul puthu ingkang sami badhe dipuntes dening juru masak hotel. Sedaya dipundhawuhi masak manut kasagedanipun piyambak-piyambak.

Nalika wekdal masak ingkang dipuncawisaken kangge damel puthu sampun rampit, sedaya lajeng sami ngladosaken puthu damelanipun dhateng juru tes. Tetela satunggalipun ingkang ngetes inggih menika Pak Iwan.

Sasampunipun dipuncicipi sedaya, Pak Iwan lajeng nyaketi kula kalian ngendika, “Mas Wahyu, puthumu kang dipilih dening para juru masak kanggo pasugatan tumrape para tamu Hotel Kencana. Mula, iki layang prajanjian kontrak sasuwene rong taun kang kudu koktandhatangani. Gajimu diparingke ing pungkasaning wulan ditambah upah kerja.”

Mireng ngendikanipun Pak Iwan, kula sujud sokur. Atur kula lirih dhateng Pak Iwan awit ngampet raos bingah salebetipun jaja, “Maturnuwun, Pak.”

Pikiran ingkang kala wingi ruwet amargi kecalan arta puluhan yuta sakala saged luwar saha pajar.

Arta utang dhateng kanca saged lajeng kula wangsulaken, kepara taksih tirah kangge pawitan usaha sarta nyekapi kabetahaning kulawarga. Gusti Allah tetela maringi lelintunipun inkang langkung matikel.

Kinarya rasa sokur pangajap kula mugi saged tetep tansah tetulung dhateng asanes kinanthenan raos sabar saha greget pambudidaya ingkang datan putus pindhane kukusing puthu ingkang angambar ngganda pandhan arum.

“Nur, apa sing ngganjel atimu, kok sajak nyimpen masalah abot. Mbok jajal blaka ae menawa Ibu bisa urun rembug.” tembungé Ibu mbuyaraken lamunan.

“Mboten! Mboten wonten, Bu.” sumaur kula klageban.

“Aja goroh, Nur. Saka praupanmu wis katon yen kowe nembe nyimpen sesanggan abot.” panyaruwenipun Ibu kanthi pasuryan sedhah.

Dangu kula mendel. Mboten kuwawi mangsuli malih. Tutuk kados kinunci. Namung ndhingkluk amarikelu.

“Apa perkara Nak Herlambang?” sru anggenipun mbledig pitaken.

Kepireng asma Mas Herlambang, disebut sanalika tangis kula ambrol. Wola-wali tangan sraweyan ngusap luh bening ingkang dumlewer dumugi tutuk. Wonten ing antaraning tangis sesenggjukan, Ibu mboten kendhat paring panglipur, supados kula mboten nggrantes nemen-nemen. Ingaras makaping-kaping. Kraos wonten rasa edhum miwah kebak pengayoman.

“Ibu ngerti yen kowe rumangsa kedosan marang nak Herlambang. Dheweke pancen dadi korban keputusanmu. Dheweke kaya kelangan semangat urip. Nanging kowe ora kena ngebrukake kesalahan mau marang awakmu dhewe. Jer kabeh mau jalaran tumindake adhimu Arlin sing murang tata. Ibu wis nglilakake kelangan anak siji. Lan ngertenana, yen nak Herlambang kersa omah-omah krana panjurunge Ibu nalika dolan mrencé.”

“Nanging, Bu?” panguwuh kula keprungel.

“Aja ndhudhah lelakon sing wis kepeudhem jero. Ibu bisa maca pangrasamu. Abot ngeculake nak Herlambang ditresnani wong liya. Ngertenana urip lan panguripan iki wis ana sing ngatur. Kita mung saderma nglakoni apa sing digarisake dening sing gawe urip.”

Sanalika Ibu kula rangkul kenceng. Kula diruket datan uwal, mawa lumer katresnan kang sejati.

“Kowe kudu luwih sabar nampa kanyatan, anakku. Tangis lan eluh ora bakal bisa ngrampungsi masalah. Ajar tatag tanpa sesambat. Tekanana undhangane nak Herlambang minangka bukti yen kowe wis ikhlas ngeculake dheweke.” Pertikelipun Ibu kanthi panyawang bening. Kados wonten tloga ing salebetipun.

“Kula samar, Bu. Gek Mas Her anggenipun ngundang namung badhe damel wirang kula ing ngajengipun sisihanipun. Kula ajrih menawi Mas Her

nyeja males lara ati.”

“Ora! Ora, Nur. Kowe aja duwe penyana ala. Sak ngertiku nak Herlambang kuwi wong becik lair batine.”

Kula nglenggana ngrungu tembungipun Ibu. Pancen leres bambijinipun Ibu ngengingi Mas Herlambang. Katitik saking nalika tasih sesambetan katresnan, panjenenganipun langkung kathah ngalah. Tansah asung pengayoman. Ngugemi rasa tanggungjawab ingkang ageng. Sabar. Genep subasita miwah ikhlas paring pangapura. Bilih kelingan samudaya kalawau, jujur kula owel kelangan priya bagus rerengganing manah.

Pepuntonipun, sedinten saderenge dhenge acara, kula sampun dugi rumiyin dhateng dalemipun Mas Herlambang. Mboten njujug dhateng dalemipun penganten putri. Mboten kok nganggep sisihanipun Mas Herlambang kadidene mungsuh, ananging jalaran wiwit rumiyin kula langkung akrab kaliyan keluarganipun Mas Herlambang. Sampun dipunrengkuh kadosdene putranipun piyambak. Semanten ugi keluarga ing Padangan, ugi mboten benten pangrengkuhipun.

Dugi kula dipunprepegi dening wanita sepuh ingkang sampun sanget kula tepungi. Kula dipunrangkul kenceng, diaras bola-bali mboten saget kawilang. Ditangisi wola-wali.

“Adhuh, Ibu banget kangen marang nak Nurhayati. Geneya lunga menyang Jakarta meneng-menengan? Apa kuwatir yen diampiri? Ibu mung kepengin ngerti kabar saka Jakarta. O, ya, apa wis kagungan putra?”

“Yoga? Dereng kok, Bu.” kula gurawalan wangsulan.

“Keluarga Padangan rak padha seger kuwarasan ta?” Ibu nanjihaken.

“Pangestunipun. Saploke Bapak kapundhut, dhik Arlin nilar griya, Ibu direncangi dhik Marjuki.” tumanduk kula kaliyan sekedhik mbaka sekedhik nguwali rangkulanipun Ibu.

Sasampunipun kabar-kinabaran kula enggal dipethukaken Mas Herlambang ing ruang tengah. Kathah tiyang-tiyang pathing sliwer. *Pratandha ing griya ngriki badhe kagungan hajat ageng. Napamalih ing padesan budaya gotong-royong miwah tulung-tinulung tasih lumampah sae.*

Kula lungguh ndhingkluk kados pesakitan ingkang badhe diinterogasi. Daton kuwawa nyawang netranipun priya bagus ing ngajeng kula. Netra bening edhum ingkang nyobi kula lali-lali ananging

mlebu mobil, Rian mlayoni.

“Lho Pa, rong minggu gak disangoni. Tambah Pa. *Nanti pulang malam, jam sembilan lho.* Sangune Adhik juga belum!” panjaluke anake. Nanto ora ngreken, lawang mobil ditutup terus nggeblas.

Pak lan Bu Hadi dheleg-dheleg. Kok nganti samono laline karo anak. Yen pancen ora duwe ora apa-apa, sing wedok nyambut gawe ing UEA dadi tenaga paramedis, bayare mesthi cukup yen kanggo nragadi cah loro. Apa anakku kena guna-guna, Pak Hadi mung gagap-gagap. Sing wedok neng njaba negara paribasan ameng-ameng nyawa, sing lanang neng ngomah. Pak lan Bu Hadi bisane mung donga, muga-muga enggal bali, gelem ngrumat wong tuwane lan nresnani anak sawutuhe.

Saka maratuwane, Nanto nuju omahe mbakyune sing manggon ing Pagesangan. Xenia diparkir mepet karo pager sekolahan. Arep mlebu gang, ora cukup nggo simpangan. Wektu iku jam teluan, sekolah wayahe istirahat. Wong ya jenenge bocah, ana wong gundhul metu saka mobil banjur alok.

“Lho. ana wong gundhul. Iya kae lho,” karo nudingi Nanto sing pancen gundhul.

“Iku ora gundhul, nanging bothak,” wangsulane murid liyane.

“Ora, iku gundhul, iya gundhul,” kanca liyane nyauti.

“Anaaa wong gundhul, anaaa wong gundhuul,” swarane murid saut-sautan. Nanto mandheg nggoleki arah swara. Pagere sekolah mau dudu tembok, mula salakune diweruhi. Rumangsa keganggu, grombolanne bocah mau dicedhaki, diunek-unekake saka njaba pager.

“Piye, ayo munia! Ngomong apa mau! Kene taktapak lambemu. Ora tau diajar gurumu ya!” kasare metu, nanging tambah gawe guyu lan senenge murid-murid.

“Gundhul nesu, gundhul nesu.... gundhul-

gundhul pacul cul...” sebagean murid tambah ura-ura, nambahi nesune Nanto. Mbakyune sing pas lungguhan neng ruang tamu krungu swara mau banjur metu. Weruh adhike tukaran banjur diparani.

“Ana apa To?” pitakonne.

“Iku, murid-murid kurang ajar. Gak tau diajari sopan santun, njaluk dikaplok.”

“Walah, bocah ya ngono kuwi, jarno wae. Wis kana mlebu,” Mbak Yah marani murid-murid sing isih nggrombol ing njero pager.

“Rek, gak oleh ngelokke ya. Gak apik ngono kuwi,” omonge nuturi.

“Nggih Budhc, lucu-c Budhc,” wangsulane salah sijine murid lanang sing ketok mbethike. Murid liyane buyar, ana sing nutugne mangan jajan. playon lan liya-liyane.

Mbak Yah asline Sulistiyah banjur nemoni adhine. Neng omahe mbakyune, Nanto kaya mlebu omahe dhewe. Ana jajan dipangan. yen luwe mangan ya njupuk dhewe.

“Kowe mau saka ngendi?” pitakonne Mbak Yah.

“Saka niliki anakku. Menchi wulanan, cah loro takjatah limangewu,” wangsulane kang adoh karo kenyataan. Jatah mangan dijatah telung ewu, pangan sasat dibrukke Mbahe.

“Yen samono ya pas, apa maneh saiki reregan larang. Rian ora koktukokne sepedha motor?” Mbak Yah ngenggokke omongan.

“Ora Mbak. Ben tirakat. Taktukokke sepedha pancal dhisik, ben gelem olahraga,” wangsulane cengkah. Ora arep nukokke sepedha motor, ora arep nukokke sepedha pancal, ben diterke Mbahe wae.

Nanto dhewe ya ngerti yen kancane Rian padha sepedha motoran. Bocah sasekolahan sing numpak sepedha pancal ora ngluwahi driji lima. Kirimane sing wedok ora bral-brol kaya biyen, awit sadurunge iku kebutuhan wis dicukupi. Kanggo mbukak toko, kanggo nyaur utang lan kebutuhan liyane. Nanto ora kekurangan akal. Kanti alasan

ndandani omah lan tambah modhal, dheweke njaluk dhuwit samene atus ewu. Embuh kena apa, wektu iku sapanjalue sing lanang dituruti.

“Ora ta To, sakjane maratuwamu pindhah omah ki ana apa?” Mbak Yah takon liya, Nanto gragapan.

“Apa! Maratuwa ora kena diajeni. Wong tuwa melu anak wae kakehan tingkah. Biyen nalika wong loro nyambut gawe neng luar negeri, sayang karo aku, amarga takkirim dhuwit akeh. Bareng aku mulih dhisik, aku gak diregani blas, dianggep gak duwe asil. Embah ora nggenah, wis ngracuni anakku ben benci karo aku. Saben dikirim dhuwit, ngaku yen iku asile Mbahe. Pantes ngono iku! Pindhah omah anakku digawa, ora taren aku. Anakku dijak. Pitnah, jare ditundhung aku karo bojoku. Pancen niate lunga nggawa anakku. Gelem momong mung ngarep-arep dhuwit, njaluk opah. Wong tuwa apa ngono iku! Wis Mbak gak usah ngomongne maratuwa.”

Genti Mbak Yah sing mlenggong, meneng sajak mikir. Omah samana gedhene dipanggoni ijen, wong lanang dicepaki mobil, sing wedok neng njaba negara, anak melu Mbahe. kok bisa ya? Yen ora ana apa-apa, ora mungkin maratuwa lunga. Sajake sing ora beres adhikku, mbak Yah gagap-gagap.

Toko neng pasar ya duweke Nanto nanging sing ngubetke Mbak Yah. Kulakan dibandhani, ana kurange ya dicukupi, ora payu ya ditekori. Yanti bisa kuliah ya saka Nanto, Mbak Yah ora duwe daya. Ora ngerti yen kabeh mau saka dhuwite sing wedok. Sasat dhuwite sing wedok dientekke nggo ngopeni dulure.

“Yanti nyang endi Mbak?” pitakonne bareng weruh Mbak Yah meneng.

“Wis teka, sajake kesel, bar nggarap skripsi apa konsultasi pa piye, aku ora ngerti.”

“Brarti wis meh rampung kan?”

“Muga-muga wae. Lha ya iku, dhuwit kuliah semester durung mbayar. Paling telat wulan ngarep,

usahakna kaya biasane,” Mbak Yah wiwit aba.

“Iya, aja lali nyang omahe Mbah Bono nggawa sarat sacukupe, nganggo dhuwit pepayone dodolan,” krenahe Nanto. Mbah Bono ki dhukun andelane Nanto, sing akeh sithik bisa nururti kekarepane. Mbak Yah mung meneng, awit dhuwit pepayone mau esuk ora sepiroa. Akeh wong sing dodolan mracang madhani dagangane.

Ing kahanan kang kaya ngono mau, ujug-ujug Yanti metu nuju ruang tamu, karo tuding-tuding Paklike.

“Om. aku ora trima. Tibake sampean sing ora beres. Kirimane Tante kok nggo seneng-seneng lan ngopeni dulurmu. Aku wingi niliki Rian lan Dimas, Bu Hadi crita karo muwun. Direwangi momong putu wiwit cilik. ora matur nuwun, malah mentala nundhung. Telung tahun ora menchi pangan anak, endi tanggung jawabe wong tuwa. Malah sampean sing nggosoki supaya Tante wani karo wong tuwa. Nalurine Tante minangka ibu wis ilang.”

“Cukup! Ora perlu kotbah ora perlu sesorah. Sapa sing mbiayani kuliahmu!” kasare metu, ora ngira nganti samono wanine ponakane.

“O, ngono ta. Bu saupama Ibu dadi siji karo mantu lanang sing kelakuane kaya ngono, piye perasaanane Ibu,” Yanti wiwit prembik-prembik nyedhaki Ibune, tangane Ibune dicekeli.

“Yanti! Kowe ora kena takeman! Wiwit dina iki aku ora arep mbiayani kowe! Toko neng pasar takjaluk, takdol. Takrewangi ora mbandhani anak iki balesanmu. Mbak Yah, sesuk gak usah menyang pasar, kuncine wenehna aku! Wis ora sah nangis!” (cuthel)

*Setyatama, Kungpur, fb Purwito Kusnoutomo



Tjahjono Widarmanto

CATHETAN DINA

1. Akad
Kapang ora kenal prei
tansah nyimpen wadine tresna

2. Senin
Kabeh katon kemlebat kaya dongenge tresna
: eling sliramu aku tansah pengin mbaleni sanja
nggawa kangen kang alon-alon sumusup ing suksma

3. Selasa
Aja tansah kesusu
gita-gita ninggal sisa-sisa crita kangen
sakdurenge srengenge mabur digondhol takdir

4. Rebo
Aku isih ana ing pelataran kuwi
nyimak sakabeheing suwara
tembang tresna kang nglangut diseret ayang-ayang

5. Kemis
Aku lan sliramu
mangu-mangu nyawang candikala
ngabarake: tresna lan maut kuwi siji

6. Jumat
Donga-donga iki durung rampung
nalika sliramu kabuncang sepi dadi mumi

7. Setu
Apa sing diarani tresna?
kejaba wektu kang dicidra dosa!
Klitik, 2022

MEDITASI DASAMUKA

aku.aku sang durjana kuwi!

tudingen aku kanti jijik kebak nista
sumpahana nganggo gething paling bacin.

sakkabehe kitab lan sejarah
wis nyathet aku: dajjal!

nanging sejatine wus dakkorbanke awak lan suksmaku
dadi simbole peteng
: supaya kowe kabeh ngerti padhange cahya!

lan eling-elingen, aku ora bakal pralaya.

2023

JAGAT ANYAR

*) kanggo *Horkheimer lan Adorno*

jagat anyar ngendi kang bakal kok lurus?

kabeh pangangen-angen wis dadi dogma
wis dadi dongeng ing kitab-kitab lapuk
nalika sakabehe ilmu oncat saka praktek urip
nalika sakabehe aksi amung khayal
ora ana jagat kang netral
ora ana pengetahuan kang suci

ora ana!

2023

JAREMU

*) *marx*

jaremu: *sakabehe filosof lagi nafsirke donya
nganggo pengetahuan lan teori-teori*

nanging kabeh kuwi mau mung angen-angen kang subjektif
kasunyatane ora ana manungsa kang sarwa mardhika

bener kandamu: *sing penting ngowahi donya!*

nanging nganggo apa?
nanging kanggo sapa?

2023

D' Eros Sudarjono

LEMBAR SUJARAH ING D6-D7

Lelakon anggigir mangsa
njejantur mekar ngrembakane bangsa
setya rinumpaka
primpem anggelung maneka crita
senthong tintrim kebak prabawa
lembar sujarah datan sima

Dudu bleger sawantah
rerenggan muspra tanpa warah
nanging anggunung kerta aji
kridha tulus kang sayekti
ngudi rum kuncarane nagri
denayoni

Ing saweneh papan
D6-D7 anggegem lingsire jaman
sewu tuladha
amrik wangi ambabar ganda
ora saderma pangeling
nanging bleger ngemu pepeling

Aja darbe watak wanara*
mung nyata wasis amicara
tumindak degsiya ngunggar dhadha
tanpa nggagas wong liya
banjur kepiye bagya mulya bakal sinengka?

Netepi darma
tan ngoyak pangalembana
marsudi beciking marga
tumeka tembe sowan kang maha kuwasa

Jombang, 7 Juni 2023
*Pitutor luhur Prof. Dr. M. Sardjito (Rektor UGM 1949-1961)

JANTRA MANGSA

Godhong-godhong ringkih
praupan pucet bebasan tanpa getih
amem ngendhem rerintih
nalikane mangsa kebacut ladak
angumbar anggak sarwa enak kepenak
ora nggagas ndonya alum kelangan sigrak
tan sapa kuwawa menggak

Nuli,
gogrog mbaka siji
kaduwa kahanan tansaya nyumelangi ati
alam wis kebak tatu
krana pokal gawe nurut hawa nepsu
tanpa nalar budi. panimbang jroning kalbu

Sapa kuwagang ndhadhani
nalikane ketiga nganggang ndhepani bumi
rendheng sajak angoncati
garing saparan-paran
mung bisa pasrah ngadhepi kanyatan

Banjur,
wayah riwis angelung pitulung
tetes udan lekas mbanyoni dhasar kedhung
bakal nglerem tangis kalayung
awehe tamba sekabehe rasa bingung
tentrem ayem bali ndedunung

28 Oktober 2023

SURAWANA

Mblasah watu gilang
tanpa wilang
kuncara keladuk angumandhang
lembar lelakon nora ilang
anteng sasowangan
sinawung asri tentrem kahanan

Wishnubhawanapura
sinebut jroning Negarakertagama
hamulya pangwasaning praja
Bhre Wengker nata duk semana
umbul puji dedonga
kumelun lumebweng swargaloka

Lingsir wektu
jantraning taun tumeka windu
netepi laku
tenger wus tinulis cetha
nadyan saperangan jugrug
ginelung mangsa

Surawana
pasucen agung sri narendra

Jombang, 17 Oktober 2023

tradhisional saged dipunpetang.


Biasanipun menawi adhik-adhik pramuka utawi ingkang kagabung pecinta alam malah remen mlampah dhampyak dhampyak sesarengan rencang-rencangipun. “Wisata ria sekaliyan *jantung* sehat Mas”. Makaten gunemipun salah satunggalipun adhik pencinta alam saking kampus Malang, wekdal kalih penulis *Titis Basa* sesarengan mlampah dhateng papan wisata pesisir Kuyon.

Malah kathah-kathahipun menawi para remaja, asik mlampah sesarengan. Kalih menawi wonten kenya desa ingkang nuju prana sadawinipun margi njur ngguyoni. Sinten ngertos, malah dados pepujaning ati.

DAMEL KEMAH DALAH KEMPING.

Pesisir Kuyon ingkang nuju prana menika samenika ugi *viral* dipun damel papan panggenan *kemah* dalah *kemping*. Anehipun menawi rumiyin kemah menika dipunwontaken dening para pelajar, damel latiyen gesang mandhiri. Ingkang biyasanipun kaadani Sabtu malem Minggu utawi katelah PERSAMI. Ananging, samenika kemah ugi anjrah kaleksanaaken dening para pekerja. Mboten namung para pekerja suwasta, pegawai negeri ugi kathah ingkang ngawontenaken kemah.

Pesisir Kuyon ingkang endah nuju prana menika panci sae sanget kadamel *refreeshing* ngumbah manah wekdal pikiran *bosen* kalih *jenuh* amergi rutinitas kerja. Lha dipundamel kemah wonten pesisir Kuyon ngriku saged



wangsul seger dalah *semangat* merdamel malih wonten madyaning kantoran. Semanten ugi menawi para remaja, ugi mboten sekedhik ingkang remen ngawontenaken kemping wonten ing pesisir Kuyon menika. Miturut para remaja ingkang nggadhahi *hobby* kemping, papan wisata pesisir Kuyon menika mujudaken surga ndonyanipun perkempingan. Menapa inggih? Sumangga menawi badhe mbuktekaken, kemah utawi kemping sesarengan wonten papan wisata pesisir Kuyon mrika.

Pesisir Kuyon, kinupeng pesabinan pendhudhuk dhukuh Nglumpang desa Nglebeng. Amergi redinipun taksih ijo royo-royo kanthi wit-witan inggih taksih ngrembuyung, pramila toya pengging inggih taksih gemrining mboten kuwatos toya, *senajan* mangsa ketiga dawa. Menika ingkang nyubur dalah makmuraken para among tani ingkang sami ngolah sabin utawi *kebonan wonten* sekitariipun pesisir Kuyon mriku..

Kejawi alam ipun ingkang endah ngresepi manah, masyarakatipun inggih taksih grapyak sumanak. Grapyakipun masyarakat sekitariipun pesisir Kuyon mboten *shetingan*, ananging *alamiyah* asli pendhudhuk sekitariipun pesisir Kuyon mriku. *Ora suguh waton aruh*. Sesanti menika, kadosipun sampun *mbalung sungsum* wonten sanubarinipun pendhudhuk sekitariipun pesisir Kuyon ngriku. *Pramila menika para* wisatawan wisatawan *domestik* utawi *manca* negari sami kraos nglencer wonten papan wisata pesisir Kuyon ngrika. Keramahanipun masyarakat sekitariipun pesisir Kuyon ngrika, mboten wonten pemaksaan saking *dhinas terkait*. Ananging penyadharan ingkang thukul saking nglebeting sanubari.



TETEMBUNGAN INKGANG MAGEPOKAN KALIYAN PAGESANGAN ING BEBRAYAN AGUNG

Dening: Imam Riyadi



Tetembungan ingkang badhe dipunrembag wonten ing ngriki inggih punika tetembungan utawi unen-unen ingkang saget kaginakaken kangge piwucal budi pekerti tumrap pagesangan wonten ing bebrayan agung. Wujuding tetembungan ingkang badhe kaandharaken punika sampun asring kita panggihi wonten salebeting paribasan, bebasan, lan saloka. Dene ing kalodhangan punika badhe kaandharaken mligi tetembungan ingkang magepokan kaliyan pagesangan ing bebrayan agung antawisipun kados pundi anggen kita sesambetan kaliyan tiyang sanes, kados pundi anggen kita badhe ngraketaken kekadangan, kados pundi supados kita tansah lungtinulung dhumateng tiyang sanes, lan sapanunggilipun.

Tetembung ingkang badhe kita rembang ing ngriki inggih punika: (1) Curiga manjing warangka, warangka manjing curiga; (2) Dagang tuna andum bathi; (3) Desa mawa cara, negara mawa tata; (4) Dudu sanak dudu kadang, yen mati melu kelangan; (5) Ing ngarsa sung tuladha, ing madya mangun karsa, tut wuri handayani; (6) Kaya suruh, lumah kurebe beda, yen ginigit padha rasane; (7) Napihi wong kewudan; (8) Renggang gula kumepyur pulut; (9) Rukun agawe santosa, crah agawe bubrah; (10) Sepi ing pamrih rame ing gawe; (11) Susah padha susah, seneng padha seneng, eling padha eling, pring padha pring; sarta (12) Tega larane ora tega patine.

1. Curiga Manjing Warangka, Warangka Manjing Curiga

Teges wantahipun “*curiga manjing warangka*” inggih menika keris ingkang mlebet wonten ing warangkanipun. Dene tembung “*warangka manjing curiga*” menika kosok wangsulipun warangka ingkang mlebet dhateng kerispun. Tetembungan punika mujudaken gegambaran saking gegayuhan luhur ing bab sesambetanipun pangarsa (pemimpin) kaliyan andhahanipun (rakyatipun) ing tanah Jawi. Jejer ing dados pemimpin kedah mangertosi dhateng pepenginanipun utawi pikajenganipun para kawula lan kersa paring kawigatosan dhumateng para kawula dasih kanthi sae, satemah para kawula inggih tansah sendika dhawuh lan setya tuhu dhumateng pangarsa (pemimpin) kalawau kanthi eklasing manah.

Jejer ing pemimpin kedahipun pancen dados pangayom, njagi, paring pepadhang, saha paring panjurung dhateng para kawula satemah kawulanipun saget ngraosaken pagesangan ingkang langkung sae. Kosok wangsulipun, rakyat kedah purun ngabdi dhumateng pangarsanipun (pemimpinipun) kanthi cara nindakaken saha nyengkuyung menapa ingkang dados kawicaksananipun pangarsa (pemimpin). Kanthi mekaten saget ndadosaken pagesangan ingkang harmonis.

saget njumbuhaken kaliyan adat pakulinan ingkang wonten. Kanthi mekaten badhe kasembadan pagesangan ingkang guyub rukun kaliyan tiyang sanes.

4. Dudu Sanak Dudu Kadang, Yen Mati Melu Kelangan

Teges wantahipun “*dudu sanak dudu kadang*” sanes sedherek utawi sanes sinten-sinten, dene “*yen mati melu kelangan*” tegesipun menawi seda tumut ngraosaken kecalan. Tetembungan menika mujudaken gegambaripun ngenani rumaketipun sistem kekadangan tumrapping tiyang Jawi, anggenipun ngajeni sedaya warga kanthi boten mbenten-mbentenaken keturunan punapa dene saking pundi asal-usulipun. Sanadyan ta tiyang sanes, menawi tiyang kalawau purun manunggal lan tumindak sae dhumateng masyarakat, mila sedaya punika badhe dipunajeni lan dipunanggep kados dene kulawarganipun piyambak.

Tiyang Jawi anggadhahi semangat pasedherekan ingkang inggil. Semangat punika andadosaken tiyang-tiyang kalawau gampang anggenipun sesrawungan, nyambung pasedherekan kaliyan sinten kemawon. Amargi pasedherekan utawi patembayatan mujudaken cara ingkang paling sae kangge manggihaken katentremaning ngagesang. Ing tanah Jawi, ngajeni tiyang sanes (upanipun, tamu) sanget dipunutamakaken. Langkung-langkung bilih kita nate kepotangan budi kaliyan priyantunipun punika. Anggenipun ngajeni ugi badhe dipunwujudaken kanthi maneka warni caranipun, minangka kangge mbales budi dhumateng tiyang ingkang tumindak kesaenan dhumateng kita. Pramila saking punika, nalikanipun piyantun ingkang dipunkormati lan dipunajeni punika seda, tiyang kalawau estu-estu ngraosaken bela sungkawa lan rumaos kecalan sanget. Kepara, kadhangkala langkung rumaos kecalan katimbang kecalan sedherkipun piyambak.

5. Ing Ngarsa Sung Tuladha, ing Madya Mangun Karsa, Tut Wuri Handayani

Teges wantahipun “*ing ngarsa sung tuladha*” inggih punika ing ngajeng maringi patuladhan

utawi conto, tembung “*ing madya mangun karsa*” tegesipun ing tengah saget nuwuhaken semangat saha pikajengan, dene “*tut wuri handayani*” tegesipun saking wingking tansah ngetutaken saha paring panjurung sinambi ngoreksi sarta anjagi kawilujengan sedayanipun. Tetembungan punika asalipun saking sesanti ingkang dipundhudhah dening Ki Hajar Dewantara. Kawitan, sesanti punika katujokaken dhumateng pamong (guru) ing lingkungan Taman Siswa. Ananging wekasanipun sumebar dados paugeran tumrapping para pemimpin, guru tiyang sepuh, sarta sinten kemawon ingkang tugasipun gegayutan kaliyan kepemimpinan.

Maknanipun tetembungan punika ngengetaken, sinten kemawon ingkang mapan wonten ing ngajeng, temtunipun mesthi badhe dados punjering kawigatosan. Pramila saking punika, sinten kemawon ingkang jejer wonten ngajeng kedah tansah anjagi tumindakipun kanthi sae, awit patrap lan tumindakipun badhe dados patuladhan sarta dipuntiru dening tiyang sanes. Nalikanipun wonten tengah (ing antawisipun tiyang kathah), piyambakipun badhe nyumurupi, mireng, sarta ngraosaken manekawarnining bab ingkang gegayutan kaliyan punapa ingkang dipunsrawungi. Pramila saking punika piyambakipun kedah paring panjurung lan motivasi supados tiyang-tiyang ingkang dipunpimpin saget maujudaken pagesangan ingkang langkung sae. Semanten ugi nalikanipun wonten ing wingking, piyambakipun kedah nyumurupi punapa kemawon ingkang dumados. Mangertos pundi ingkang leres lan pundi ingkang lepat, pundi ingkang sae lan pundi ingkang awon. Pramila saking punika, piyambakipun kedah saget maringi pitedah ingkang gamblang, leres, lan sae kangge njagi kawilujengan lan katentreman ing samudayanipun.

6. Kaya Suruh, Lumah Kurebe Beda, Yen ginigit Padha Rasane

Teges wantahipun “*kaya suruh*” tegesipun kayadene suruh; tembung “*lumah kurebe beda*” tegesipun perangan nginggil kaliyan ingkang ngandhap benten utawi boten sami; dene “*yen*

Gegambaran punika limrahipun katujokaken dhumateng penganten enggal utawi tiyang bebrayan tansah guyup rukun lan gandheng renteng reruntungan. Dhateng pundi-pundi tansah sesarengan, punapa kemawon dipunraosaken sesarengan, nalikanipun pikantuk kabagyan punapadene nandhang kasengsaran tansah dipunsangga lan dipunraosaken sesarengan. Kahanan ingkang kados punika mujudaken satunggaling piwucal ingkang kedah saget dipuntiru dening sinten kemawon. Awit miturut adat tiyang Jawi, ing salebetipun pagesangan punika boten wonten tiyang ingkang saget gesang piyambakan, sedaya manungsa punika tamtunipun mesthi mbetahaken pitulungan saking tiyang sanes. Pramila saking punika anggen kita sesambetan kaliyan tiyang sanes kedah tansah manunggal, gumolong, sarta tansah ngraketaken anggenipun sami kekadangan. Anggenipun nyambet talining kekadangan punika boten kok namung wonten lairipun kemawon, ananging kedah tumus ngantos ing batinipun.

Kanthen ngamalaken saha ngecakaken tetembungan punika, pasedherekan ingkang sami kita lampahi tamtu badhe saget langgeng. Inggih ingkang tebih saget dados celak, dene ingkang celak saget dados tambah rumaket. Gesang punika saget karaosaken kanthen entheng, amargi kathah tiyang ingkang purun paring pambiyantu kangge ngudhari sedaya reribet ingkang kita alami.

9. Rukun Agawe Santosa, Crah Agawe Bubrah

Teges wantahipun "*rukun agawe santosa*" inggih punika karukunan saget anjalari kasantosan utawi kekiyatan; dene "*crah agawe bubrah*" tegesipun tumindak cecongkrah (tansah padudon, boten purun rukun) saget nuwuhaken karisakan. Tetembungan punika mujudaken salah satunggaling tuntunan tumrapping tiyang Jawi kangge anggayuh karukunan saha katentreman wonten ing bebrayan. Kanthen wontenipun karukunan mujudaken bukti bilih saben warga ingkang gesang ing bebrayan punika nggadhahi raos ingkang sami saha gemblenging pamanggih. Kanthen makaten boten badhe awrat kangge nggayuh masyarakat ingkang ayem tentrem saha

guyub rukun badhe kasembadan lan saget lumampah kanthen sae. Benten kaliyan tiyang ingkang tansah cecongkrah lan remen ing padudon, tartamtu gesangangipun boten saget ayem tentrem, ingkang dipunraosaken tansah wontenipun benceng cuweng tansah wonten pasulayan ing antawisipun sesami. Kahanan ingkang kados makaten saget nuwuhaken karisakan ingkang tundhonipun gesangangipun boten saget ayem tentrem.

Tetembungan punika nggambaraken kadospundi sejatosipun gegayuhanipun gesang tiyang Jawi. Inggih punika, pagesangan ingkang guyub rukun, ayem tentrem, sarta sih-kinasihan tumrapping sesami. Tiyang Jawi punika tansah anjagi karukunan, boten remen pradondi utawi padudon ing antawisipun sesami, awit tiyang ingkang remen padudon punika tundhonipun saget adamel karisakan.

10. Sepi ing Pamrih, Rame ing Gawe

Teges wantahipun tetembungan "*sepi ing pamrih*" inggih punika sepen utawi tebih saking pamrih lan pepenginan, dene "*rame ing gawe*" tegesipun rame utawi sengkud anggenipun nyambut damel. Tetembungan punika mujudaken nyambut damel kanthen sengkut lan tumemen sarta boten ngajeng-ajeng pamrihipun (upahipun). Menawi wonten tiyang ingkang tansah nyuwun upah utawi pamrih ingkang linangkung kadhangkala anggenipun tumindak keladuk watomipun saget nggayuh punapa ingkang dados pepenginanipun.

Saben manungsa mesthi nggadhahi pepenginan utawi pamrih nalikanipun nindakaken punapa kemawon, nanging pepenginanipun punika sampun ngantos keladuk. Wonten bab ingkang sakalangkung wigatos, inggih punika anggenipun nindakaken jebibahan utawi ayahan kedah dipunlampahi kanthen sae. Salah satunggaling tuladha, supami kita nindakaken ayahan kerja bakti wonten ing kampung kedahipun dipuntindakaken kanthen saestu lan kanthen sae. Sanadyan ta punika mujudaken kerja bakti nanging sampun ngantos

ngajeng-ajeng piwalesipun. Sedaya punika kedah dipunlampahi kanthi tumemen sarta kanthi raos eklas.

Nalikanipun pitutur punika dipunlirwakaken, tamtunipun badhe nuwuhaken satunggaling perkawis utawi masalah wonten ing masyarakat. Kadosta, wontenipun korupsi, tumindak sedheng, sarta tumindak-tumindak awon sanesipun. Tegesipun tanggel jawab moral dhumateng masyarakat saget dipunkawonaken kaliyan kaperluwanipun pribadi.

11. Susah Padha Susah, Seneng Padha Seneng, Eling Padha Eling, Pring Padha Pring.

Tetembungan punika mujudaken piwucal saking R.M. Sosrokartono, ingkang nggadhahi teges bilih saben manungsa punika kedah saget manunggal kaliyan masyarakatipun. Raos bungah-susah utawi raos remen punapadene sedhik-sasaget-saget kedah dipunraosaken sesarengan. Kejawi saking punika, ingkang perlu dipunengeti inggih punika bilih sedaya manungsa kaliyan antawisipun yektosipun sami, boten wonten setunggalipun wonten ing ngriki dipunsanepakaken bertenipun. Wonten ing ngriki kaliyan deling utawi pring kadosdene deling sami kaliyan bilih manungsa padha pring. Maknanipun, bilih manungsa setunggal kaliyan setunggalipun punika sami.

Kanthi nggadhahi raos semangat sarta nindakaken nilai-nilai kados ingkang wonten wonten ing salebeting tetembungan punika, saben-saben manungsa mangkenipun temtu badhe saget manggihaken katentreman, katresnan, saha pitulungan saking tiyang kathah. Kejawi saking punika, tetembungan punika ugi nedahaken kadospundi kandelipun patembayatan utawi kamanunggalan ingkang dados idham-idhamanipun tiyang Jawi. Tegesipun, patembayatan punika boten boten kok namung wonten ing tataran wadhag kemawon, ananging kedah dipunlampahi kanthi raos kamananunggalaning batos ing antawisipun saben-saben dhiri pribadi. Menawi dipungambaraken kanthi nyata, patembayatan ingkang dipunandharaken wonten ing tetembungan punika

kados dene “*pring sadhapur*”. Ing ngriki ingkang wonten namung wit pring ageng utawi alit ingkang tansah manunggal ingkang mujudaken satunggaling kekiyatan.

12. Tega Larane Ora Tega Patine



Teges wantahipun, tega nalikanipun sakit nanging boten tega menawi ngantos dumugine pejah. Tetembungan punika mujudaken gegambaran saking uletipun utawi raketipun kekadangan tumraping tiyang Jawi. Sanadyan ing antawisipun sedherek sok-sok asring padudon utawi tukaran, ananging menawi wonten sedherekipun ingkang manggihi satunggaling reribet utawi masalah tartamtu sedherek kalawau inggih taksih tumut cawe-cawe utawi paring pitulungan kados pundi anggenipun nbadhe ngudhari reribet ingkang dipunalami dening sedherekipun kalawau.


Satunggaling pepenget bilih kados pundi kemawon alitipun satunggaling perkawis gesang ing alam donya punika saget medhotaken talining kekadangan. Pramila saking punika, saben-saben kulawarga kedahipun saget njagi sampun ngantos para putra-putranipun ngalami kedadosan ingkang kados ngaten punika. Upaminipun, wonten satunggaling kakang adhi ingkang saweg padudon rebutan bab warisan. Gara-gara kekalihipun boten wonten ingkang purun ngalah, perkawis warisan punika saget ngantos dumugi ing pengadilan. Awit rumaos kaget lan *shock* ngenani perkawis punika, kakangipun nandhang sakit lan anggenipun nandhang sakit ngantos sanget kedah dipunrawat dhateng griya sakit. Nyadhari kahanan ingkang kados ngaten punika, wusananipun ingkang rayi njabel gugatanipun wonten ing pengadilan lan nglilakaken warisanipun dipunsade saperlu kangge ngobataken kakangipun.

Kahanan kados ing nginggil punika mujudaken satunggaling tuladha bilih nalikanipun taksih sami sehat, sedherek kandhung punika tansah benthik lan pasulayan. Nanging nalikanipun salah setunggalipun ngalami kasengsaran, sakit utawi badhe seda pranyata sedherek sanesipun boten tegel lan kedah paring pitulungan.

Si BLING-BLENG

Dering
KELIEK SW





Tulus Setiyadi: Among Tani, Pambiwara saha Panyerat Inggang Nate Nampi Pangaji-aji Sutasoma saking Balai Bahasa Jawa Timur.

Boten kathah panyerat sastra inggang saking tiyang tani. Salah satunggalipun inggih menika Tulus Setiyadi, panyerat inggang mapan wonten Desa Banjarasari, Kecamatan Madiun, Kabupaten Madiun. Wonten madyanipun bebrayan boten benten kaliyan masarakat padhusunan. Saben-saben turut sabin mbudidaya kemakmuranipun bangsa kanthi nggarap siti pasabinan. Panyerat inggang lulusan Sarjana Teknologi Pangan dan Gizi saking Universitas Widya Mataram Yogyakarta menika katingal prasaja sanget. Katitik kathah karya-karyanipun inggang ngangkat pagesangan wonten padhusunan.

“Kula nyerat kados dene ilinipun toya kali, inggang mili minthir. Uneg-uneg utawi prenthulipun manah saged kula gambar wonten seratan. Titi wancinipun nggarap sabin wekdal kangge nyerat suda sanget,” pangandikanipun nalika wawan rembag Titis Basa wonten dalemipun Madiun.

Tulus Setiyadi nyerat kanthi kalih basa, inggih menika basa Jawa ugi basa Indonesia. Seratanipun kirang-langkung sampun wonten satunggul atus judhul buku. Wonten buku fiksi utawi non fiksi. Esainipun kados; *Menelusuri Jejak Tradisi Membangun Jati Diri, Makna Simbol Selamatan Kematian Pada Masyarakat Jawa, Semar Sebuah Simbolisasi dan Mistik Kejawen lan sanes-sanesipun*. Kumpulan geguritan, kumpulan cerkak, kumpulan puisi ugi sampun sumebar. Novelipun boten kirang saking 50 judul buku inggang asring kangge panaliten mahasiswa/akademis. Saperangan buku-buku menika sampun kacathet wonten *katalog* Perpustakaan Universitas Leiden Belanda.

Novel inggang kaserat kathah nyariosaken budaya masarakat padhusunan ugi crita asmara. Awit panyerat piyambak ugi salah satunggalipun seniman ndhusun dados cariyosipun boten tebih saking menapa inggang dipunmangertosi. Novel kanthi irah-irahan *Ledhek saka Ereng-erege*

Samenika Tulus Setiyadi namung saged nyerat tigang judul buku saben taun, mangka saderengipun saged satunggal judul buku saben wulan.

Awit saking remenipun dhateng kabudayan Jawa, pangalamanipun asring dipuntularaken kanca-kanaca mliginipun lare-lare nem. Pramila kathah ingkang sami sowan wonten dalemipun saperlu dolan utawi sinau. Taun 2007 nate ngedegaken Pakempalan Taruna Jawi. Ngumpulaken lare nem-nem dipunajak sinau sesarengan gegayutan budaya Jawa. Sinau tembang, unggah-ungguh, busana, ngadat tata cara, pusaka saha sapanunggalanipun.


Kejawi ambyur wonten jagadipun panyeratan ugi asring tinimbangan minangka narasumber, juri tetandhingan puisi/panyeratan. Kadhapuk ngisi acara siaran wonten RRI, Radio Swaratama, Radio Moderato, Garda TV, JTV lan sanes-sanesipun.

Tulus Setiyadi njlentrehaken bilih sangunipun nyerat *fiksi* menika kajawi olahipun pangangen ugi panaliten, *observasi saha referensi*. Dados nyerat menika boten namung ngendelaken ingkang dados pikajenganipun manah. Sadaya kedah dipunpanggalih kanthi lebet nembe kababar wonten dlancang. Saged nampi menapa ingkang dados panyaruwe saking tiyang sanes. Pangalaman-pangalaman anggenipun nyerat menika nuwuhake raos manteb saha tresna dhateng menapa ingkang dipunjeguri sakmenika.

Saben buku novel karyanipun mesthi kaserat “*Anggonku wani nulis awit ora rumangsa pinter, apamaneh kudu moncer. Ngrumangsani ora nduweni apa-apa sing bisa daktinggalake, menawa mbesuk aku tinimbangan Gusti jenengku ora mung katulis ing maesan wae, nanging bakal terus urip ngetutake jaman.*” Tulus Setiyadi paring katrangan bilih anggenipun kersa nyerat menika boten karena rumaos pinter. Sadaya taksih sami sinau. Pramila tebih saking raos supados kadama-dama dening sanes. Niyatipun namung kepengin ndhudhuk, ndhudhah saha ngrembakakaken budaya mliginipun sastra Jawa. Rumaos minangka tiyang tani ingkang boten kagungan menapa-menapa dados bingung ingkang saged dipuntularaken dhateng anak putu. Boten ketang udhu klungsu, pangajabipun seratan karyanipun saged maringi semangat dhateng tiyang sanes. Temahan mbenjangipun menawi sampun katimbangan Gusti, kagungan tetilaran kalawau ingkang kawujud seratan.

“Saben tiyang menika kagungan cakrik anggenipun nyerat, prasasat mimbuhi jembaripun kasusastran,” jlenthipun dhateng *Titis Basa* nalika sowan dhateng dalemipun. Tulus Setiyadi rumaos mongkog menawi pirsawonten lare nem ingkang sengkut saha purun ngurip-urip dhateng pangrembakanipun kasusastran. Panjangkanipun sageda kagungan panerus kagem nglajengaken menapa ingkang sampun diperjuwangaken. Pandonganipun mugimugi budaya Jawa kalebet sastra Jawa terus ngrembaka jaya wonten bawana.







THINK & LEARN WITH US





TIK KAMPUS
Assessing Quality



ip